

Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан



Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 7 (7199) 19 февраль Рузман 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ

# Съезд «Единой России»

## В Москве 5-6 февраля состоялся XV Съезд Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ».



Делегация из Дагестана приняла участие в XV Съезде "ЕДИНОЙ РОССИИ", которое прошло 5-6 февраля, в Москве. От Дагестана в мероприятии участвовали Секретарь Дагестанского регионального отделения «ЕДИНОЙ РОССИИ», председатель Народного Собрания РД Хизри Шихсаидов, а также более 20 делегатов Партии.

В первый день работы Съезда в пятницу, 5 февраля, в рамках Съезда работало 10 дискуссионных площадок. Среди них: «Обсуждение Положения о проведении предварительного голосования», «Здоровье», «Образование и наука», «Бюджетная и налоговая политика», «Промышленная политика», «Социальная политика», «Развитие сельского хозяйства, поддержка социальной инфраструктуры на селе», «Экономическая политика, поддержка предпринимательской инициативы», «Развитие транспортной инфраструктуры» и «Укрепление российской идентичности, диалог культур и религий».

Участники дискуссий обсудили проблематику направлений и разработали предложения по самым актуальным вопросам социально-экономического развития страны.

Во второй день работы Съезда в субботу, 6 февраля, состоялось пленарное заседание. Основным докладчиком на заседании был Председатель Партии, Председатель Правительства РФ Дмитрий Медведев.

Выступая на пленарном заседании, премьер-министр страны подчеркнул, что «ЕДИНАЯ РОССИЯ» – это первая российская партия, которая организует предварительное голосование. «По сути, мы спрашиваем у избирателей, кого они хотят видеть кандидатами от "ЕДИНОЙ РОССИИ", а претенденты фактически проводят предвыборную кампанию, рассказывают о своих предложениях, участвуют в дебатах. Все это происходит публично, чтобы люди могли сразу понять, чего стоит каждый из претендентов, и поддержать того, чьи идеи наиболее понятны, близки и интересны», – заявил Председатель Партии

*(Продолжение на 2 странице)*

# Рагъухъаби-интернационалистазулгун дандчIвай

## (1989 соналда нахъе бачана Афгъанистаналдаса Советияб рагъулаб аскар)

**Афгъанистаналдаса Советияб армия нахъе бачараб I5 февралалда цересел къояз букIана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГIиса НурмухIамадовасулги рагъухъаби-интернационалистазулги дандчIвай. Гьенир гIахьаллъана замал С. АрулмухIамадов, С. АхIмадов, райадминистрациялъул отделазул начальникал, Гумбет районалъул ТIолгороссиялъул Афгъаназул рагъул инвалидазул ва ветераназул общественнияб организациялъул пред. М-Р. Сулейманов, СМИялъул хIалтIухъаби.**

Данделъи рагъулаго С. АхIмадовас бицана жакъа къоялда «Афганец» рагъухъанасул мисалалда гIолеб гIелалъе патриотикияб тарбия кьеялъул бугеб кIвaралъул.

КIалъазе вахъарав МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас къокъго бицана районалда бугеб хIалалъул, экономикиябгун социалияб рахъалъ гьеб цебетIеялъе гьарулел хIалтIабазул. Бихьизабуна районалда бугин Афгъанисталъул рагъухъабазул ТIолгороссиялъул общественнияб организация. Гьебгун цадахъ хIалтIизе ругин хадубккунги ва патриотазул тIалаб гьабулеб бугин. Рагъухъаби гьел чIагоял мисаллъун рукIине кколин. Лъалин гьезул захIмалъаби – гьезул гIумро гьабиялъул шартIал лъикIлъизариялде ва хIалхьи гьабиялъул бакIазде ритIиялде кIвар кьезе бугилан.

КIалъана районалъул рагъулав комиссар Ш. МухIамадов. Гьес бихьизабуна нилъер районалда вугин 35 воин-интернационалист,-абун. -ВатIаналда цебе тIадаб налъи тIубазабулаго нужер гIумро жагъал гьабуна рагъуца, кин бугониги нуж хутIана мисалиял гIадамаллъун.

Гьединго кIалъазе рахъана мугIрузул округалъул «РДялъул БетIерасул курс бачунеб» ДРООялъул нухмалъулесул зам. XI. МухIамадзагьидов, районалъул информационнияб централъул нухмалъулев М-Н. ХIайбулаев, Гумбет районалдаса вакил М-Р. Сулейманов ва цогидалги.

Афгъанцазул цIаралдасан кIалъана гьезул бакIалъулаб организациялъул нухмалъулев М-З. ХIажиев. Гьес бихьизабуна нухмалъиялъ жидеде кIвар кьолеб букIин ахирияб заманалда жидеда бичIчIулеб бугин ва кванил столги гIуцIун жидерго гьабураб адаб-хатиралъухъ баркала загьир гьабуна. Гьединго гьезие культураялъул



интернационалистазде кIвар кьолаго гьес бихьизабуна хадубккун гIолилазе гIамал-хасияталъул тарбия кьеялъе Рукъалъул гIахьалчагIаз концертги бихьизабуна.

*ГъабсагIаталда бищунго гIаданлъи, яхI-намус гьечIеблъун буго терроризм-экстремизм. Гьелъ гIумроялдаса ратIа гьаруна гIемерал гIадамал. 8 февралалда «Терорунет!»,-абураб темаялда тадбир тIобитIана лъималазе СЮТалъул педагог ГI. ГIабдулаевалъ. Гьединабго тадбир 11 февралалда тIобитIана З. МухIамаевалъги.*

*Властальулги жамагIатазулги - дандчIвай*

# АхIвал-хIал лъазабиялъе

**I2 февралалда ансадерил гIадамазулгун дандчIвай гьабуна ГI. НурмухIамадовас. Гьеб букIана росдал культураялъул КIалгIаялъуб. ГIахьаллъи гьабуна бетIерасул замал С. АрулмухIамадовас, С. АхIмадовас, М. ХIасановалъ, отделазул нухмалъулез ва цогидалги жавабиял гIадамаз.**



ДандчIвай рагьана Унсоколо росдал бетIер М. МухIамадовас. ГI. НурмухIамадовас къокъго бицана 20I5 соналда районалъул социалиябгун экономикияб рахъ цебетIезабиялъе гьарурал хIалтIабазул ва цере чIарал масъалабазулги. Гьединго жавабал кьуна росдал гIадамазул суалазе. Гьес бицана араб соналда тIоцебе районалда хIалтIи байбихьанин инвестораз. -ГьаракIуни гьедин бана спортзал, къачIана райадминистрациялда сверухълъи, лъуна цIиял ахал, гьаруна жеги гIемерал хIалтIаби.

Терроризмалда данде гьарулел хIалтIабазул бицани, лъикIал руго гьелъул комиссиялъ гьарурал хIалтIаби. Гьелъ кьураб зарал лъугIизабиялъеги гьабулеб буго гIемераб хIалтIи.

Араб соналъ гьабураб жигараб хIалтIухъ Россиялъул Президентасул СКФОялда уполномоченияв вакил Меликов Сергей Алимовичас Баркалаялъул кагъат бачIана экстремизм-терроризм, гьелъ кьурал хIасилал лъугIизариялъе гьабураб хIалтIухъ районалъул нухмалъиялъухъе.

Жиндирго кIалъаялъул ахиралда НурмухIамадовас абуна: -Дица лъазарун руго районалъул масштабалда ругел киналго захIмалъаби. Амма гIадамалгун дандчIван, гьелгун гара-чIварун киналго рахъал хIисабалдеги росун гьабураб хIалтIул рахъи цIикIкIараб букIуна. Гьединлъидал росабазул гIадамалгун дандчIван, гьезул рихьизариялги хIисабалде росун гIуцIизе буго хадубккун нижеца хIалтIи. Гьелъул кIудияб кумек букIине буго исполнительнияб властальe.

Хадуб букIана цIакъго гIумроялъе хIажатал суалазда хурхун росдал гIадамазулгун ракI рагьараб гара-чIвари. Ансадерил жамагIаталъ бетIерасда цере лъолел рукIана хадусел суалал; росдал гIолилазе хIалтIизе бакIал рукIинари, пихъил заводалъул ва художественнияб фабрикалъул бугеб хIал, Унсоколоса Шамильхъалаялде транспорт чIезабиялъул, гьекъолеб лъел ругел захIмалъабазул, Рихьуни ГЭСалъул лъеда гъоркье ккарал ракьазухъ рецIел щвечIезул х1а къалъулъ ва цогидалги. ГIиса НурмухIамадовас киналго суалазе жавабал кьуна, рихьизаруна гьаризесел хIалтIаби тIуразариялъе ругел нухал.

ДандчIвай букIана лъабго сагIаталъ ва ана пайда кьолеб куцалда.

# Баркула, рагъухъаби-интернационалистал!

ХIурматиял рагъухъаби-интернационалистал, Афгъанистаналъул ветеранал!

Къабул гьабе нилъер Советияб армия Афгъанисталдаса нахъе бачаралдаса 27 сон тIубаялда хурхун гьабулеб ракI-ракIалъулаб барки.

Нилъер тарихалда жаниб гъваридаб лъалкI тана I989 соналъул I5 февралалъ. Гьеб къоялъ Афгъанистаналдаса тIубанго нахъе бачана Советияб Армия. ЛъугIана нилъер тIолабго халкъалда хъатIараб, цебеккун лъазабичIеб рагъ.

Гьеб къоялъул кIудияб хIурмат гьабун бокьун буго ВатIаналда цебе жидерго ра гъулаб налъи ракI бацIцIадго тIубазабурал ва даимгоялъе гьелъие ритIухъаллъун хутIарал гIадамазе. БичIчIула ва ракI-ракIалъ захIмалъула гьеб рагъда камуразул гIагарлъиялъул хIал. Даимго чIаго хутIила гьениса руссинчIел нилъер ракIазулъ!

ГъабсагIаталда районалда гIумро гьабун руго 35 рагъухъан-интернационалист. Даимгояб баркала, рецц ва хIурмат, Нужее Афгъанистаналъул ветеранал, нужер бихьинчилъиялъухъ ва къо хIехьеялъухъ. РакI-ракIалъ гьарула нужее ва нужер гIагаразе талихI, битIккей, сахлъи ва бетIералда тIад даимаб роцIцIараб зоб!

*ХIурматгун ГI. НУРМУХIАМАДОВ.*
*«Унсоколо район» МОялъул бетIер.*

# *Регистрация гьечIого хIалтIулезда лъазабуна*

Арал къоязда «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул зам. С. АрулмухIамадовас гьабуна налогазул инспекциялъул, хъвай-хъвагIай гьечIого предпринимательствалда ругезул, хIалтIудалъун гIадамал хьезариялъул Централъул, ФОМСалъул, пенсионнияб фондалъул, МВДялъул хIалтIухъан ва администрациялъул цогидалги хIалтIухъаби гIахьаллъараб данделъи. С. АрулмухIамадовас бихьизабуна хъвай-хъвагIай гьечIого предпринимательствалъул хIалтIуда ругезул хал гьабунин. -Гьелъ загьир гьаруна 408 чи хъвай-хъвагIай гьечIого предпринимательскияб ишалда рукIин. Гьел ккола АЗСалда, кафеязда, ресторназда ва цогидалги бича-хисиялъул объектазда ругел гIадамал. Гьединал мировияб судалдасан тамихIалде цIаялъул бицана.

Гьеб суалалда хурхун хIалтIи гьабизе тIадкъана росабазул бутIрузда ва иш тIаде кколел киналго идарабазда.

# Съезд «Единой России»

Медведев напомнил, что предварительное голосование состоится 22 мая и его нужно провести совершенно открыто. «Хочу специально сказать об этом еще раз: никаких договорных списков, проталкивания удобных людей не будет, игра в поддавки нам не нужна. Граждане должны понимать, что именно они – подчеркиваю, именно они – творят политику, выбирают действительно своих кандидатов, а не тех, кого им навязывают. Тепличные кандидаты, мы это отлично знаем с вами, ничего не добиваются. Те, кто получает реальную поддержку людей, будут участвовать в выборах депутатов Государственной Думы, а другого способа попасть в список "ЕДИНОЙ РОССИИ" просто нет. Исключений здесь быть не должно даже для самых близких людей. Мы понимаем, что семейная династия – это, конечно, хорошо, когда речь идет о рабочих профессиях, о творческих профессиях, о бизнесе даже, но авторитетом партии недопустимо пользоваться в личных интересах.

Партийный ресурс так использовать нельзя, он должен осуществляться в интересах всего нашего народа. Это позиция Президента, это и моя позиция как председателя партии. По большому счету, итоги предварительного голосования предрешат во многом исход кампании, поэтому к организации этого процесса нужно отнестись максимально ответственно. На федеральном уровне подготовка идет уже со второй половины 2015 года. Я призываю еще раз региональные отделения включиться в эту работу серьезно», – отметил Дмитрий Медведев.

По словам заместителя Секретаря Регионального отделения "ЕДИНОЙ РОССИИ", руководителя исполнительного комитета ДРО Партии Ислама Алиева, на пленарном заседании было утверждено Положение общефедерального партийного голосования для определения кандидатов в депутаты Государственной Думы 7 созыва. «В ходе пленарного заседания утверждены также дата и порядок проведения предварительного партийного голосования, основными принципами которого будут легитимность, открытость и гласность.

Кроме того, были проведены ротации в высших выборных органах партии – в высшем совете и генеральном совете партии. Также были внесены изменения в Устав партии, которые изменили структуру Центральной контрольной комиссии», – рассказал Алиев.



Он рассказал, что делегатами был утвержден состав Федерального организационного комитета. «По приезду в Дагестан мы должны сформировать на местах региональные организационные комитеты из числа членов партии. На региональный оргкомитет возложены задачи по организации процедуры предварительного голосования и подведения его итогов. Так, лица, желающие принять участие в предварительном голосовании, должны подать соответствующее заявление в региональный оргкомитет, об адресе которого будет сообщено дополнительно. У кандидатов будет два месяца на подачу заявлений и регистрацию – с 15 февраля по 15 апреля. Заявление членами комитета будет рассматриваться в течение 5 дней, и те претенденты, кому они откажут, смогут обратиться в федеральный оргкомитет в течение 5 дней с момента получения отказа», – добавил Ислам Алиев.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№7 (7199)*
*19 февраль 2016 сон*

*3 гьумер*

# Литературияб гьумер





Эмен вехь вукIаниги,
Хьихьичlо дица гIиял.

Ах-хуралъул хIалтIулъги
ВеццичIо дун лъицаго.

Амма дир бидулъ буго,
Беролеб даимаб цIа,
РитIухълъиялде бугеб,
Рокьул щавкъалъ бакараб.
***
Дуего гьабуни бокьулареб иш,
Чидае гьабизе, мун гIедегIуге.
Садакъа гьабизе хIал кIвечIонани,
ХIеренаб каламни камун вукIунге.

Чан соналъул гIумру, дур батаниги
Пелму тIалаб гьабе тIадчIун, кьойилго.
Фарзалда аскIобго суннатги цIунун
ЦIадул гIазаб кьолеб гIамал рехун те.

## Мун цIакъ къваригIараб къо бачIун буго

-Ассаламу гIалайкум, магIарул имам,
МугIрул духъ урхъиялъ угьдулел руго,
ГIакълуги гIадлуги гIужилав гIалим
Мун цIакъ къваригIараб къо бачIун буго.

Шамиль, хвалчен борче, чода кьили лъе
ЧамгIаллъи гIемерлъун буго сверухъе,
Дагъистан чIухIараб яхIги намусги
Дур наслабаз буго билизе биччан.

КъабихIал ишазда гIумро тIамулел
ГIолилазе гIадлу буго къваригIун,
Дурго гIадиллъигун гIелму, гIакълугун
Дагъистан тIегьазе, тIад вусса Шамиль!

Гьудуллъигун вацлъи беццлъулеб буго
ГурхIел-рахIмуялъул рухI буго дагьлъун,
Бечелъизе шавкъалъ щибгоги кIочон
Шагьабахъ бичулеб гIаданлъи буго.

Дол арал рагъазул ургъалидадай
РикIкIаде валагьун вихьула Шамиль,
Цинги диде вуссун, сабурав имам
Сасараб гьаракьалъ гьадин кIалъана:

«Кьураби гIемераб дир гIагараб ракь
Бокьулаан дие мун рухIалдаса,
Дир къеркьей букIана эркенлъиялъе
Улка, ханзаби чIван, хвасарлъиялъе.

Жакъа намусгун-яхI гIарцухъ бичарас
Метер гIагараб ракь кьола меседихъ,



РахIму цIикIкIарасда РахIман гурхIула
Дунял гьабулаго Аллагь кIочонге!

ГIисинал миллатал цолъичIонани
Цониги лъикIаб къо бачIине гьечIо,
ГьитIинаб гIунгутIи тIаса лъугьун те
ТалихI, вацлъиялъулъ буго ракьалда.

Дир, имам Шамилил, аманат нужей,
Улка балагьалде, биччаге вацал,
Вацлъигун гьудуллъи гьарула дица
Гьогьен ккеялдаса, цIуне гIадамал…»

Гьединан кIалъана кIудияв имам
Унго, гьесул beралъ букIанщинаб цIа,
ХIажат вуго жакъа Дагъистаналъе
ГIакълуги гIадлуги, гIужилав имам.

## Росдал будун

Как ахIулеб гьаркьил, унго, берцинлъи
Бусурбаби сихIтун гIенеккун руго,
«Аллагь ТIадегIанав, Гьев цохIо вукIин
РакIчIун, лъан, мукIурлъун нугIлъи гьабула».

Росдал будунасул берцинаб гьаракь
РагIула ригь-ригьалъ халкъалда къойил,
Дуе алжан щваяв, Апандил Рашад,
Аллагьас сахлъигун гIумру кьеги, дуй.

Лондон, Парижалда, Вашингтоналда
Дур гьаракь рагIизе хъван букIун буго,
Щунусго батIияб телеканалалъ
Камилаб дур бакъан къватIибе кьуна.

Ункъойиде гIунтIун сонал раниги
ХIайиа гIала ссалат свактун ахIула,
Гьеб дур ахIиялъе жаваб гьабизе
Жигар цIакъ бахъула росуцояца.

## Бичасе хIел-хIедун хIалтIе ургьиб ракI!

Диналъул вацасда вац божулареб
БачIун буго дунял, дин дармилъ лъураб
Вацасда, гIагарав вац щакдарулеб
Щун буго аскIобе, ахир замана.
Гъурщал, долларазухъ динги намусги
Бичун ругьуназе рогього гьечIо,
ЯхI бугев инсанлъун артистлъи хIалев,
ХIалихьат гIемерлъун гIумру квешлъана.

Цо вугев, гурхIулев, рахIмат гIемерав
Бичасе хIел-хIедун хIалтIе, ургьиб ракI,
Кинавго лагъасул рекIел хIал лъалев
БетIергьан тIолабго, рецц Дуе буго.

***

Баркатаб, ритIухъаб исламияб дин
Босун щварав ШафигI шафагIат гьабе,
БитIараб нухалде халкъ тIобитIизе
Мун вакил гьавурав, Бичасе щукру.

## Бихьинчи вукIиналъ нечон вуго дун

Эбел базаралъул кавудул кIалтIа
Лъимер кодоб бугей, квер цебе ккурай,
Декабрь моцIалъул цIорораб къоялъ
Къо ккун гьелъ гьарулеб буго садакъа.

ГурхIараз рехула зваргъолел гъурщал
Цо-цо къанагIатаз кагътилаб гIарац,
Квач лъалареб кверги, кодоб лъимерги
ГIолохъанай гьелъул къвакIи, къо хIехьей.

Гьардолел, унтарал, талихI къосарал
Нилъер хIалбихьизе Бичас тIамундай?
Хинаб рокъоб гIорцIун ругел нилъеда
Къисмат бигьун ккарал рихьулел гьечIо.

Дир берал риччана магIуги бачIун
Бажарараб кумек г абуна гьезий,
Суал: кивдай вугев лъимадул эмен
Лъади жеги «лъикIай» ятундай гьеда!?

Гьезда цебе щибго гIайиб гьечIев дун
ГIодой бетIер къулун вуго къваридго,
Гьеб лъимадул эмен дунго гIадинав
Бихьинчи вукIиналъ нечон вуго дун.

## Квешлъаби тезин

Дунялалъул боцIи цIикIкIун бокьани
Рокьи Аллагьасде загIиплъун уна,
Нафсалде гIинги бан гIумро тIамуни
ТIагьаясул суннат гьоркьоб хутIула.

ОАЭ, Пятигорск, беричаб Баку…
Чан сордо рогьунеб гIарцуе гIоло?
Нилъ рижарав Аллагь, Гьесул авараг
Цониги рогьанищ гьел рехсолаго?

Кагътал тIамулаго, нардал хIалаго
«ХIалакълъун» батула хасалил сордо,
Витро, тагьажудал тола квер хьвагIун
Кида нилъ регIилел гIибадаталъе?

Интернет- вацапал вацаллъунги ккун
Диналъул вацазде мугъ щай рехулеб?
Берзул магIу чвахун тавбуги гьабун
Тезин бусурбаби квешал пишаби.

## Ункъмухъилал кучIдул

Гьуинаб жо буго рогьалил макьу
КигIан кьижаниги гIорцIуларо гьелъ,
Амма макьий гIоло гIадада уна
ГIумруялъул чанги къиматаб сагIат.
***
Законал чучараб чараб замана
Чиясухъ балагьун хIалтIулеб буго,
Депутатал ургъун, юристал рекъон
Бикъулезе шагьра щайзе рагьулеб?
***
ЯхI бугел бахIарзал гьалаг гьарулеб
Гьайбатал гIолилал гIодизарулеб,
Огь, мацIихъабазул цIадулал мацIал
ЦIуллъун гIадамазул гIумру бухIулел.
***
Бусурбанай йикIин кIоченеги тун,
Толеб щай, гьайбатай, гьедин гьурщун рас?
Бихьизе гьукъараб бакъалдаги лъун
КIвеладай хIехьезе, дуда Наррул цIа?
***
ГIемераб мехалда бакъбухIиги ккун
Ракъдаллъун букIараб ракь чIаголъана,
Мунагь гIемерлъиялъ гIажизлъун бугеб,
Дир нафс цIилъун унеб «цIад» кье БетIергьан.
***
Бичас дие кьуна, АлхIамдулиллагь
Гьереси, хIилла-рекIкI рихараб гIамал,
Дица яхIги рехун хинкI балагьичIо
Чияр боцIиялда дун бахиллъичIо.

***МухIамад-хIажи ГЪАЗИМУХIАМАДОВ***

## *Тушман вихьулареб рагъул инжитлъи*

Къуръан хIадисалъул
ХIасилги босун,
ХIисаб гьабе, гьалмагъ,
Дурго черхалъул.

ХIабибулагьасул
ТIабигIат цехон,
ЦIуне дурго гIамал
Мунагьаздаса.

Дол асхIабзабазул
ГIибадат цIале,
ГIумроялъул нухда
ВитIун ккеялъе.

Мубаракзабазул
Кавудахъ рещтIа,
Как-кIал мухIканлъизе
Бокьун батани.

Дурго гIакълуялда
Рекъараб гIамал,
ГIолареб лъаларищ
БетIергьанасе.

ГIадатал цIунизе
Гьабураб тIагIат
ТIокIкIараб иццухъе
Рехараб балкан.

Анбияал рештIун
ТIахьал рештIараб,
ТIокIкIараб иццгIадаб
Дин балъаргъунге.

Гьаб диналда жаниб
Рикьалабаца
Гьоркьоб бекьун буго
Бидул тущманлъи.

Нахъе тарал нилъер,
Ургъел - пикрабаз
РухI бахъулеб мехалъ
Умат рехсарав

Аварагасул хIал
Пашман гьабуге,
Диналъул вацазда
Гьоркьоб къал бекьун.

Жив хун нахъе тараб
ЗагIипаб уммат
Унеб нух малъизе
Вакил гьарурал,

Машаихзабазул
Нух кквечIонани
Лъица дур квер кколеб
Доб СиратIалда?

Сахавщинав гIалим
ГIужиеги гьун
ГIалагъважа бекьун
Бугеб Дагъистан,

Бащдал чIорогоял
Мажгитал цIикIкIун,
ЦIадай рехичIого
Нилъ хутIиладай?

МугIрул пашман руго
Дагъистаналда
Шамилил хвалчадул
Паркъи цебе чIун.

Нахъасан речIчIулел
Гьабзазул гIадаб
Тушман вихьулареб
Рагъул инжитлъи.

***ЖабрагIил-хIажи ХАЛИДОВ.***

*КъватIисел пачалихъазул мацIазде - кIвар*

# Тадбир интересаб букIана



Дагъал церегIан къоязда Шамильхъалаялъул школалда тIобитIана Англиялъул хъвадарухъан Р. Киплинг гьавуралдаса I50 сон тIубаялда хурхун тадбир. Гьеб тIобитIана Шамильхъала поселокалъул библиотекая лъул хIалтIухъабазги англий-ский мацIалъул дарс кьолей, тIадегIанаб махщел бугей мугIалим ХIажимухIамадова ПатIиматилги хIаракаталдалъун. Тадбиралде ахIун рукIана нилъер района лъул росабазул английский мацIалъул дарсал кьолел учительзаби ва РУНОялъул хIалтIухъаби. Тадбир байбихьилелде хIадур гьарун залалда лъун рукIана декорацияби, лъималаз бихьизабизе бугеб «Маугли» сценировкаялда рекъезабун. Киса кибего бихьулеб букIана бецI гIурччинаб рохь, сверухъ ран рукIана батIи-батIиял гIалхул рухIчIаголъабазул суратал. Библиотекая лъул хIалтIухъабаз хIадурун рукIана авторасул тIахьазул выставка, хъван берцинго къачIан рукIана стендал, гьесул гIумруялъул хIакъалъулъ хъвараб презентация. Кинабго материал букIана гIурус ва англий-ский мацIазда.

Тадбир рагьана Шамильхъала школалъул английский мацIалъул дарсазул мугIалим ХIажимухIамадова ПатIиматица. Гьелъ къокъго бицана тадбиралъул аслиял рахъазул. ТIоцебесеб бутIаялда лъималаз бицана Р. Киплингил биография. Цере рахъараз бицана щай гьев хъвадарухъанас рухIчIаголъабазул хIакъалъулъ маргьаби хъваралали.

КIиабилеб бутIаялда лъималаз бихьизабуна Р. Ки-



плингил маргъу «Мауглиялдаса» гьитIинабго бутIа. Гьеб цере рахьиналда жидерго бугеб махщел бихьизабуна 6 «а» классалъул цIалдохъабаз. Гьенир гIахьаллъана: Маугли – Исмаилов Рашад, Балу- МухIамадхIажиев МухIамадхан, Багира – ГIабдулаева Меседо, Каа – Насрудинов НурмухIамад, коршун – МухIамадгIалиева ПатIимат; маймалакал – ХIажиев СагIид, МухIамадгIалиев М., ГIалихIажиев ХIамза, Наурбеков Шамиль, МухIамадов А.. Гьел цIалдохъабазул эбелинсуцаги кумек гьабуна жидерго лъималазе хIайваназул костюмал гьаризе.

Лъималаз бихьизабуна ХIажимухIамадова ПатIимат Хизриевналъул нухма лъиялда гьоркь английский мацIалда берцинго, пасихIго гаргадизе лъалеб куц. ПатIимат гьеб школалда хIалтIулей йиго I999 соналдаса нахъе. ХIажимухIамадова ПатIимат ккола ракI бацIцIадго хIалтIулей, жиндирго хIал-тIиги лъалей, лъималаздехун кIудияб рокьиги бугей мугIалим. Гьей ккола английский мацIалъул дарс кьолей мугIалим гурейги 6 «а» классалъул нухмалъулейги.

ТIаде рачIараз тIадегIанаб къимат кьуна ХIажимухIамадовалъул хIалтIуе ва лъималаз «Маугли» хIалеб букIараб куцалъегиги. Гьединго тадбиралда кIалъазе яхъана РУНОялъул бетIерай специалист ГIабдурахIманова Сакинат. Гьелъ бицана Президентас английский мацI лъималазда малъиялде кьолеб бугеб кIвaралъул. Киса-кибего районалъул школазда гьелде кIвар кьезе кколилан бихьизабуна ГIабдурахIмановалъ. Тадбиралдаса киналго балагьарал разиго хутIана.

***Врачазе - баркала***

# Гъадинал гьечIони, врачалго щай?!

Февралалъул байбихьуда ниж регизе ккана Рихьуни бугеб больницаялда. Гьениб букIараб санагIалъиялъги, берцинаб, ра зияб дандчIваялъги нижер ракIазе гьабуна кIудияб асар. Чанго соналъул хIалбихьи бугев, махщел камилав, разияб гьимия лъул, жив цIехон батIи-батIиял районаздасацин унтарал рачIунев врач-терапевт Жамалудинов ГIамирхIамза МухIамадовичасе тIоцебесеб иргаялда бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе. Разияб, берцинаб бербалагьигун, гьуинаб каламгун къабул гьаруна гьес ниж. Гьединго бокьун буго кIудияб баркала загьир гьабизе разиял, гьайбатал медсестрабазе: Аминатие, СалихIатие, Умукусумие, Шагьуние.

Унтаразе сахлъиялда цадахъго черхалъе хIажулъула тIагIамаб квенги. Гьединаб тIагIамаб квен гьабулей ГIайшатиеги нижер рахъалдасан кIудияб баркала.

Берцинаб каламалъги асар гьабула гIадамазул сахлъиялъе. Гьединал гIадамаллъун ратана нижеда палатая лъур аскIор рукIарал Заремаги, ГIайшат ги. ХIалтIухъабазул хIаракаталдалъун гьабун буго гьениб берцинаб ремонтги.

Цойги нухалъ бокьун буго тIолабго коллективалъего баркала загьир гьабизе. Нижеца гьарула, нужее, чорхое сахлъи, берцинаб, гьайбатаб г1умро ва диналъе щулияб къуват. Ниж гIадин Аллагьги ра зилъаги нужедаса, сахаватал гIадамал!

*Баркалагун Аминат ва ГIумар Унсоколо росу.*

# ГIанкIуял хьихьизе бокьаразе

(Рукъалъул магIишат гIуцIиялъе)

ГIанкIуязе балеб бакI букIине ккола 4-5 бетIералъе 1 кв. м. кколеб хIисабалда. ЧIарбиде базе ккола 5-7 см. борхалъи хведер, яги бакъвараб хер, гьединго лъезе ккола гIанкIудал мугъзал борхалъиялда бащадаб лъим гьекъолеб ва квен жаниб балеб алатги. Къадалъ цебеги баккизабун лъола гIанкIуял тIаде рахунеб бакI. ЛъикIаб букIуна сверун сеткаги ккураб, тIаде бакъги щолеб бакI гьабизе, гьенибго бала рохъогун сали. ГIанкIуялъул тIанчIи росулел ругони, лъикIаб буго I6-I7 анкь барал росизе.

Хасало къинлъизе бокьани, гьел руссунел бакIалда температура 0 градусалдаса гIодобе ккезе бегьуларо, бакъул къоги I7



сагIаталде бахинабизе ккола токалъул чирахъги бакун.

ГIанкIуязе кванaзе лъикIаб букIуна цIоросаролъ, ролъ, гьохъ. Рационалда гьезул къадар 60-65% букIине ккола, гьединго кьезе бегьула белъараб картошка, кванил хутIел, гьезие кьолеб кванилъ букIине ккола белок, витаминал, протеин. Белок гьезие цIикIкIун щола мехалие I5-20 грамм гIиссин гьабун ччугIа кьуни. Витаминал гIанкIуязе цIикIкIун щола



иххдал гIиссин гьабун мичIчI бани. Риидал гьезие гIурччинаб хер гIола, хаслихъе гIиссин гьабун буссараб хъабахъ яги ламадур кьуни лъикIаб букIуна. Гьединго лъикIаб букIуна кьезе ччугIил гIундул (ракушки), белъараб ханил хъал (8-9 грамм мехалие), гIисинаб чабах.

Ветеринариял тIалабазда рекъон, хералги гIолохъаналги кIанкIуял цадахъ хьихьизе лъикIаб букIунаро. ЛъикI букIуна тIубанго херал рат1аги гьарун гIолохъанал хьихьизе. Гьез пайда цIикIкIун кьола ва нилъерго харжал дагьал уна.

Районалъул лъай кьеялъул управлениялъул тIолалго хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Унсоколо росулъа МухIамаев МухIамадгIалида ва тIолабго гIагарлъиялда Унсоколо № 2 гьоркьохъеб школалъул учительница

**ХIалимат**

халат бахъараб унтиялдаса хадуб Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас гьелъие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе сабруги кьеги.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района

Главный редактор
Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
с. Унцукуль
ул. Мустафаева 28

Телефон редактора
55-63-07
sadovoduns@yandex.ru

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 17.02.17 г. 17.10
фактически -18.30 мин.
..........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1400 экз.